



## Yon bon depa...pou lavni reyisi

Chè Nouyòkè,

Pandan mwen te vizite lekòl nan tout senk boroughs yo pou demare nouvèl ane lekòl la, limyè ak enèji timoun nou yo ak edikatè nou yo te enspire m . Mèsi poutèt ou fè pati lekòl leta vil nouyòk ak poutèt ou ede fè li yon bon kòmansman ane lekòl.

Li te agreyab pou wè elèv nou yo rekonekte avèk zanmi yo ak pwofesè yo...ak wè kòman yo pre ak enpasyon pou aprann. Epi mwen espere ou renmen we kèk imaj campus ak salklas nou yo.

Nou konsantre sou reimajine eksperyans elèv la pou pou li ka sèvi timoun nou yo pi byen. Alfabetizasyon (Literacy) -- ki se baz tout aprantisaj--- se pral prensipal konsantrasyon pou ane lekòl sa a. N ap transfòme fason nou anseye lekti lè nou aplike yon gwo kalite pwogram literacy ki baze sou fonetik nan tout lekòl primè.

Ane sa a, n ap ofri tou plis opòtinite aprantisaj fanmi nou yo te mande yo, ki pral ranfòse fason nou sèvi tout timoun. Sa gen ladan yon ogmantasyon nan chemen pou bon djòb ak sekirite ekonomik atravè [pwogram ki fè koneksyon ak karyè](#), plis lekòl kominote, òf pwogram elèv

douwe ki gen talan (Gifted & Talented, G&T), pwogram edikasyon bileng ak ranfòsman pou amelyore rezilta akademik alontèm pou elèv ki gen andikap (students with disabilities, SWD).

Nou pati pou yon bon depa...epi nou atann yon ane lekòl reyisi --kote n ap travay ansanm ak nou tout-- ki pral lanse nou nan gwo lavni nou wè devan nou an pou lekòl ak timoun nou yo.

Plane wo,

David C. Banks  
Chanselye

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).